

## Tabmatyè

<b>A.</b> Reflechì sou sa Medicare ak Medicaid ap Kouvri pou ou pou Ane Pwochè ..... 2	2
<b>B.</b> Chanjman nan pwofesyonèl swen sante ak famasi rezo yo ..... 8	8
<b>C.</b> Chanjman nan benefis pou ane pwochè ..... 9	9
Chanjman nan benefis pou sèvis medikal ..... 9	9
Chanjman nan sa plan an kouvri pou medikaman sou preskripsyon ..... 10	10
<b>D.</b> Chanjman Administratif ..... 14	14
<b>E.</b> Kijan pou deside ki plan pou chwazi ..... 19	19
Si w vle rete nan Elderplan FIDA Total Care ..... 19	19
Si w vle kite Elderplan FIDA Total Care e ou vle kontinye ap resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ansanm nan yon sèl plan ..... 19	19
Si w vle kite Elderplan FIDA Total Care e ou vle resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo separeman ..... 19	19
<b>F.</b> Kijan pou jwenn èd ..... 23	23
Kijan pou jwenn èd nan men Elderplan FIDA Total Care ..... 23	23
Kijan pou jwenn èd nan men ajan ki responsab anrejistremant nan eta a ..... 24	24
Kijan pou jwenn èd nan men Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a ..... 24	24
Kijan pou jwenn èd nan men Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta a (State Health Insurance Assistance Program) ..... 25	25
Kijan pou jwenn èd nan men Medicare ..... 25	25
Kijan pou jwenn èd nan men Medicaid ..... 26	26

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## **Se Elderplan, Inc. ki ofri Elderplan FIDA Total Care (Medicare-Medicaid Plan)**

### **Avi Anyèl sou Chanjman pou 2017**

---

Aktyèlman ou enskri antanke yon Patisipan nan Elderplan FIDA Total Care. **Ane pwochè, pral gen kèk chanjman nan benefis yo, nan pwoteksyon an, ak nan règleman yo. Avi Anyèl sa a sou Chanjman yo fè w konnen chanjman ki pral genyen yo.**

---

#### **A. Reflechi sou sa Medicare ak Medicaid ap Kouvri pou ou pou Ane Pwochè**

**Li enpòtan pou revwa sa plan an ap kouvri depi kounye a pou asire w ke lap kontinye satisfè sa wap bezwen pou ane pwochè. Si li pa satisfè bezwen w, ou ka soti nan plan an nenpòt lè.**

Si w kite plan nou an, wap toujou nan pwogram Medicare ak Medicaid yo. Wap gen chwa sou kijan pou jwenn benefis Medicare ak Medicaid ou yo (ale nan seksyon C ki kòmanse nan paj 9 pou wè opsyon w genyen yo).

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## Resous Adisyonèl

- You can get this information for free in other languages. Call 1-855-462-3167 and TTY 7-1-1, 8 a.m. to 8 p.m., 7 days a week. The call is free.
- Puede obtener esta información de manera gratuita en otros idiomas. Llame al 1-855-462-3167 y TTY/TDD 7-1-1 de lunes a domingos de 8:00 am a 8:00 pm. La llamada es gratuita.
- Ou ka jwenn enfòmasyon sa a gratis nan lòt lang. Rele nan 1-855-462-3167 ak nan TTY/TDD (pou moun ki gen pwoblèm tande oswa moun ki bèbè) 7-1-1 de lendi a dimanch 8:00 am -8:00 pm. Apèl la gratis.
- 이 정보는 다른 언어로도 제공됩니다(무료). 월요일-일요일  
8:00 am – 8:00 pm 중 1-855-462-3167 나 TTY/TDD 7-1-1 로 전화하십시오. 통화료는 무료입니다.
- 您可免費取得以其他語言撰寫的資訊。請於週一至週日上午  
8時至下午8時致電 1-855-462-3167, TTY/TDD 使用者：  
7-1-1。此為免付費電話。
- Данная информация доступна бесплатно на других языках. Звоните по номеру 1-855-462-3167 или 7-1-1 (линия TTY/TDD) с понедельника по воскресенье с 8:00 до 20:00. Звонок бесплатный.
- È possibile ricevere queste informazioni in altre lingue gratuitamente. Contatta il 855-462-3167 e TTY/TDD 7-1-1 dal lunedì alla domenica dalle ore 8:00 alle ore

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



20:00. Il servizio è gratuito.

- Ou ka jwenn enfòmasyon sa a gratis nan lòt fòm, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo. Rele nan 1-855-462-3167 ak TTY 7-1-1, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl sa a gratis.
- Ou ka mande pou yo voye literati nan lang ou pito a oswa nan fòm ou pito a, annik rele Sèvis Patisipan an nan 1-855-462-3167 ak TTY 7-1-1, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl sa a gratis. Yon fwa w fin fè demann sa a, yo pral voye literati pou patisipan yo pou ou nan lang ou mande a.

### **Enfòmasyon sou Elderplan FIDA Total Care**

- Elderplan FIDA Total Care se yon plan swen kontwòle ki gen kontra avèk toulède, Medicare ak Depatman Sante Leta Nouyòk (Medicaid) pou bay Patisipan yo benefis ki soti nan toulède pwogram yo atravè Demonstrasyon Avantaj Doub ki Konplètman Entegre (Fully Integrated Duals Advantage, FIDA).
- Pwoteksyon nan Elderplan FIDA Total Care kalifye kòm pwoteksyon esansyèl minimòm (MEC). Li satisfè kondisyon pou responsabilite endividyèl pataje Pwoteksyon Pasyan an ak Lwa sou Swen Abòdab (ACA) a egzije. Tanpri ale nan sitwèb Internal Revenue Service (IRS) nan [www.irs.gov/uac/Questions-and-Answers-on-the-Individual-Shared-Responsibility-Provision](http://www.irs.gov/uac/Questions-and-Answers-on-the-Individual-Shared-Responsibility-Provision) pou ka gen plis enfòmasyon sou sa yo egzije moun peye kòm responsabilite endividyèl pataje pou MEC.
- Se Elderplan, Inc. ki ofri plan Elderplan FIDA Total Care sa a. Lè ou wè "nou", "nou menm", "n" nan *Avi Anyèl sou Chanjman* sa a, li vle di Elderplan, Inc. Lè ou

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



wè "plan an" oswa "plan nou an" li vle di Elderplan FIDA Total Care.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## **Avi sou non-responsabilite**

Ka gen limit ak restriksyon ki aplikab. Si w bezwen plis enfòmasyon, rele Sèvis Patisipan Elderplan FIDA Total Care la oswa li *Manyèl pou Patisipan* nan Elderplan FIDA Total Care la. Sa vle di ou fèt pou suiv sèten règ pou ka fè Elderplan FIDA Total Care peye pou sèvis ou yo.

***Lis Medikaman ki Kouvri yo ak/oswa rezo famasi ak pwofesyonèl swen sante yo ka chanje nan ane a. Nap voye yon avi ba ou anvan nou fè yon chanjman kap afekte w.***

Benefis yo ka chanje 1ye janvye chak ane.

Leta Nouyòk kreye yon pwogram medyasyon pou patisipan ke yo rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) pou bay Patisipan yo, asistans gratis ak konfidansyèl sou nenpòt sèvis Elderplan FIDA Total Care ofri. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apres sa suiv direktiv pou fòm 844-614-8800.)

### **Bagay ki enpòtan pou w fè:**

- Tcheke si gen nenpòt chanjman nan benefis ou yo ki ka afekte w.** Èske gen nenpòt chanjman ki afekte sèvis ou itilize yo? Li enpòtan pou revwa chanjman nan benefis yo pou asire w ke yap konvni w ane pwochèn. Gade nan seksyon B ak C pou jwenn enfòmasyon sou chanjman nan benefis pou plan nou an.
- Tcheke si gen nenpòt chanjman nan sa plan nou an kouvri pou medikaman sou preskripsyon, ki ka afekte w.** Èske yap kouvri medikaman w yo? Èske yo nan diferan nivo? Èske ou ka kontinye itilize menm famasi yo? Li enpòtan pou revwa chanjman yo pou asire w ke medikaman plan nou an ap kouvri ap konvni w ane

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



pwochè. Gade nan seksyon C pou jwenn enfòmasyon sou chanjman nan sa plan nou an kouvri pou medikaman.

- Tcheke pou wè si pwofesyonèl swen sante ak famasi w yo ap nan rezo nou ane pwochè. Èske doktè w yo nan rezo nou an? E famasi w la? E lopital oswa lòt pwofesyonèl swen sante ou itilize yo? Gade nan seksyon B pou enfòmasyon sou *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasinou* an.**
- Reflechi pou wè si w satisfè avèk plan nou an.**

**Si ou deside rete nan Elderplan FIDA Total Care:**

Si w vle rete avèk nou ane pwochè, li byen fasil – ou pa gen anyen pou fè. Si w pa fè yon chanjman, wap anrejistre otomatikman nan plan nou an.

**Si w deside chanje plan yo:**

Si w deside lòt pwoteksyon plan an ap pi byen satisfè bezwen w yo, ou ka chanje plan nenpòt lè. Si w anrejistre nan yon nouvo plan, nouvo plan an ap kòmanse kouvri w sou premye jou nan mwa swivan an. Gade nan seksyon E pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa w yo.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## **B. Chanjman nan pwofesyonèl swen sante ak famasi rezo yo**

Rezo pwofesyonèl swen sante ak famasi nou yo chanje pou 2017.

**Nap ankouraje w anpil pou w revwa *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi aktyèl* nou an pou wè si pwofesyonèl swen sante w yo oswa famasi w la nan rezo nou an toujou.** Wap jwenn dènye *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ki pi resan an nan sitwèb nou an nan <http://www.elderplanfida.org/find-a-provider-or-pharmacy/>. Ou ka rele Sèvis Patisipan an tou nan 1-855-462-3167 pou gen enfòmasyon ajou sou pwofesyonèl swen sante oswa pou mande nou pou nou poste pou ou yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* a.

Li enpòtan pou w konnen ke nou ka fè chanjman tou nan rezo nou an pandan ane a. Si pwofesyonèl swen sante w la kite plan an, ou gen sèten dwa ak pwoteksyon. Pou w gen plis enfòmasyon, gade nan Chapit 3 nan *Manyèl pou Patisipan* w lan.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).





## C. Chanjman nan benefis pou ane pwochè

### Chanjman nan benefis pou sèvis medikal

Nap chanje sa nap kouvri pou sèten sèvis medikal ane pwochè. Tablo ki pi ba a bay deskripsyon chanjman sa yo.

	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
<b>Sant Akouchman Endepandan</b>	Kopeman \$0 Elderplan FIDA Total Care ap peye pou tout sèvis yo bay nan sant akouchman endepandan.	Elderplan pa Kouvri yo, men yo disponib atravè Medicaid. Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la ap ede w jwenn sèvis sa yo.
<b>Benefis Sipleman tè anplisde Sèvis plan an Oblije Kouvri</b>	Pa Aplikab	Kopeman \$0 Otorizasyon obligatwa.
<b>Pwodui ki repouse Ensèk</b>	Pa Kouvri	Patisipan yo ka achte pwodui pou repouse ensèk pou anpeche yo trape maladi moustik konn bay.  Otorizasyon ka obligatwa.  Elijib pou ranbousman. Tanpri kontakte Sèvis

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



		<p>Patisipan an nan 1-855-462-3167 oswa ale sou entènèt la pou ka pran yon fòm ranbousman.</p> <p>Ranpli fòm ranbousman an epi voye l pa lapòs ak yon kopi resi w la, nan adrès sa a:</p> <p>Elderplan, Inc.          Attn.: Member Services          6323 7<sup>th</sup> Avenue          Brooklyn, NY 11220</p>
<p><b>Tretman Lajounen</b></p>	<p>Kopeman \$0          Elderplan kouvri l</p>	<p>Elderplan pa Kouvri l, men li disponib atravè Medicare oswa Medicaid. Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la ap ede w jwenn sèvis sa yo.</p>

**Chanjman nan sa plan an kouvri pou medikaman sou preskripsyon**

***Chanjman nan Lis Medikaman nou an***

Nou voye ba ou yon kopi *Lis Medikaman ki Kouvri yo* pou 2017 nan anvlòp sa a.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



Yo rele tou *Lis Medikaman ki Kouvri yo* "Lis Medikaman".

Nou fè chanjman nan Lis Medikaman nou an, ki enkli chanjman nan medikaman nou kouvri yo ak chanjman nan restriksyon ki aplike sou sa nou kouvri pou sèten medikaman.

**Revwa Lis Medikaman an pou asire w ke medikaman w yo ap kouvri ane pwochè e pou wè si pral gen kèk restriksyon.**

Si gen yon chanjman nan sa plan an kouvri pou medikaman, ki afekte w, nap ankouraje w pou:

- **Travay avèk doktè w la (oswa avèk lòt pwofesyonèl ki ekri preskripsyon) pou chèche jwenn yon medikaman diferan** ke nou kouvri. Ou ka rele Sèvis Patisipan an nan 1-855-462-3167 pou mande pou yon lis medikaman ki kouvri ki trete menm pwoblèm medikal la. Lis sa a ka ede pwofesyonèl swen sante w la jwenn yon medikaman plan an kouvri ki ka byen fonksyone pou ou.
- **Travay avèk doktè w la (oswa avèk lòt pwofesyonèl ki ekri preskripsyon) epi mande plan an pou l fè yon eksepsyon** pou kouvri medikaman an. Ou ka mande pou yon eksepsyon anvan ane pwochè e nap ba w yon repons sou 72 zèdtan apre nou resevwa demann ou an (oswa deklarasyon sipò pwofesyonèl ki ekri preskripsyon w lan). Pou konnen kisa w dwe fè pou mande pou yon eksepsyon, gade nan Chapit 9 nan *Manyèl pou Patisipan 2017* Seksyon 6 oswa rele Sèvis Patisipan an nan 1-855-462-3167. Si w bezwen èd pou mande pou yon eksepsyon, ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



- **Mande plan an pou l kouvri yon pwovizyon tanporè pou medikaman an.** Nan kèk sitiyasyon, nap kouvri yon pwovizyon tanporè pou medikaman w an, **yon fwa**, pandan 90 premye jou nan ane sivil la. Pwovizyon tanporè sa a ap dire jiska 30 jou. (Pou ka gen plis enfòmasyon sou kilè ou ka resevwa yon pwovizyon tanporè ak kijan w ka mande pou youn, gade nan Chapit 5 nan *Manyèl pou Patisipan* an nan Seksyon C.) Lè w resevwa yon pwovizyon tanporè pou yon medikaman, ou fèt pou pale ak doktè w la pou deside sou kisa pou w fè lè pwovizyon tanporè w la fini. Ou ka swa chanje pou yon lòt medikaman diferan plan an kouvri oswa ou ka mande plan an pou l fè yon eksepsyon pou ou e pou l kouvri medikaman aktyèl ou a.

### ***Chanjman nan pri medikaman sou preskripsyon yo***

Pa gen okenn chanjman nan montan ou peye pou medikaman sou preskripsyon pou 2017. Li enfòmasyon pi ba a pou gen plis detay sou sa plan w lan kouvri pou medikaman sou preskripsyon.

Tablo ki pi ba a montre pri wap peye pou medikaman ki nan chak nan 3 nivo medikaman nou yo.

	<b>2016 (ane sa a)</b>	<b>2017 (ane pwochèn)</b>
<b>Medikaman nan Nivo 1</b> (Medikaman Jenerik) Pri pou yon pwovizyon yon mwa pou yon medikaman nan Nivo 1 ke w ranpli nan yon famasi rezo	Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.	Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou) se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.  Kopeman w peye pou yon rezèv de-mwa 60-jou se <b>\$0</b> pou chak

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



		preskripsyon.
<p><b>Medikaman nan Nivo 2</b> (Medikaman ki gen Mak Orijinal) Pri pou yon pwovizyon yon mwa pou yon medikaman nan Nivo 2 ke w ranpli nan yon famasi rezo</p>	<p>Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>	<p>Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kopeman w peye pou yon rezèv de-mwa 60-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>
<p><b>Medikaman nan Nivo 3</b> (Medikaman sou preskripsyon [Rx]/san preskripsyon [OTC] Medicare pa Kouvri) <b><i>Pri pou yon pwovizyon yon mwa pou yon medikaman nan Nivo 3 ke w ranpli nan yon famasi rezo</i></b></p>	<p>Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>	<p>Kopeman w peye pou yon rezèv yon-mwa 30-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon. Kopeman w peye pou yon rezèv de-mwa 60-jou se <b>\$0</b> pou chak preskripsyon.</p>

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## D. Chanjman Administratif

	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
Sèvis chiwopratik	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Doktè Espesyalis, Sèvis Sikyatrik pa ladann	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Espesyalize nan Sante Mantal	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Podoloji	Otorizasyon obligatwa. Sèvis sa a limite a 4 vizit pa ane.	Otorizasyon pa obligatwa. Sèvis sa a limite a 4 vizit pa ane.
Sèvis Sikyatrik	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Pwosedid Dyagnostik pou Pasyan ki Pa Entènè, Tès ak Sèvis Laboratwa	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Radyografi pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
Sèvis Radyoloji Dyagnostik pou Pasyan ki Pa Entènè (egzanp eskàn CT, MRI, elatriye)	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon obligatwa.
Sèvis Radyoloji Terapetik pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Lopital pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis nan Sant Chirijikal Anbilatwa (ASC)	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Abi Sibstans pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Sangen pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Transpò	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Dyaliz	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
Atik yo Vann San Preskripsyon (OTC)	\$150 chak 3 mwa <b>Li kouvri</b> tout atik OTC ki sou lis wap jwenn nan Chapit 4 ki nan Tiliv Swen Kontwole Medicare la.	\$150 chak 3 mwa <b>Li pa kouvri</b> tout atik OTC ki sou lis ke ou ka jwenn nan Chapit 4 ki nan Tiliv Swen Kontwole Medicare la.
Sèvis Konsèy pou Fanm Ansent Kite Fimen Tabak (TCCPW)	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Konsèy sou Nitrisyon ak Byennèt	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Ospitalizasyon pou Pasyan Ekstèn, Operasyon pou Pasyan ki Pa Entènè	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Konsèy sou Entegrasyon nan Kominote, Sèvis Tranzisyon nan Kominote	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).





	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
Tretman Kontinyèl Lajounen, Rezidans Kominotè (CR) OMH Lisansye	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Pwogram Abi Sibstans, Sèvis Tretman Opyoyid - Abi Sibstans	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Reyabilitasyon Sikyatrik Entansif Sèvis, Ospitalizasyon Pasyèl (Medicaid)	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Fòmasyon ak Devlopman Aptitid pou Viv defason Endepandan	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Kòlèg bay, Sèvis Konsèy Kòlèg bay, Sante Mantal Mobil	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



	2016 (ane sa a)	2017 (ane pwochè)
Sante Mantal pou Pasyan ki Pa Entène, Sèvis Abi Sibstans pou Pasyan ki Pa Entène, Pwogram Dezentoksikasyon Sibstans pou Pasyan ki Pa entène ki sou Sipèvizyon Medikal - Abi Sibstans	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Oryante pou Retablisman Pèsonalize, Sèvis ak Entèkansyon pou Konpòtman Pozitif	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Sèvis Rezidansyèl pou Akoutimans	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Depistaj pou Glokòm	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Egzamen zye	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.
Egzamen Oditif ak Eseyaj/Evalyasyon pou Aparèy Oditif	Otorizasyon obligatwa.	Otorizasyon pa obligatwa.

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## **E. Kijan pou deside ki plan pou chwazi**

### **Si w vle rete nan Elderplan FIDA Total Care**

Nou espere wap rete avèk nou antanke Patisipan, ane pwochè.

**Pou rete nan plan nou an, ou pa gen anyen pou fè.** Si w pa anrejistre pou yon plan diferan oswa si ou chanje pou Original Medicare, wap anrejistre otomatikman antanke yon Patisipan nan plan nou an pou 2017.

### **Si w vle kite Elderplan FIDA Total Care e ou vle kontinye ap resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ansanm nan yon sèl plan**

Si w vle kontinye resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo ansanm apatide yon sèl plan, ou ka antre nan yon lòt Plan FIDA ki diferan. Pou w anrejistre w nan nouvo Plan FIDA a, annik rele New York Medicaid Choice nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi de 8:30 am a 8:00 pm e samdi de 10:00 am a 6:00 pm. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-888-329-1541.

Si w pa vle yon diferan Plan FIDA men ou vle kontinye resevwa sèvis Medicare ak Medicaid yo ansanm apatide yon sèl plan, gen posibilite pou anrejistre w nan Pwogram Tout Swen Enkli pou Moun Aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE) oswa nan Pwogram Medicaid Advantage Plus (MAP) la. Pou gen plis enfòmasyon, rele New York Medicaid Choice.

### **Si w vle kite Elderplan FIDA Total Care e ou vle resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo separeman**

Si w pa vle anrejistre w nan yon lòt plan FIDA, PACE, oswa MAP apre w fin kite Elderplan FIDA Total Care, ou pral retounen resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo separeman.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



**Men kijan ou pral resevwa sèvis Medicare yo**

Ou pral gen twa opsyon pou ka resevwa sèvis Medicare ou yo. Lè w chwazi youn nan opsyon sila yo, ou pral sispann patisipasyon w otomatikman nan Plan FIDA nou an:

<p><b>1. Ou ka chanje pou pran:</b></p> <p><b>Yon plan sante Medicare, tankou yon plan Medicare Advantage</b></p>	<p><b>Men sa pou fè:</b></p> <p>Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.</p> <p>Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon, rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501.</p> <p>Yap retire w otomatikman nan Elderplan FIDA Total Care lè nouvo plan asirans ou an kòmanse kouvri w.</p>
---	--

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



**2. Ou ka chanje pou pran:**

**Original Medicare avèk yon plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman**

**Men sa pou fè:**

Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon, rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501.

Yap retire w otomatikman nan Elderplan FIDA Total Care lè Original Medicare w la kòmanse kouvri w.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



**3. Ou ka chanje pou pran:**

**Original Medicare san yon plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman**

**NOTE:** Si w chanje pou pran Original Medicare epi w pa anrejistre nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman, Medicare ka anrejistre w nan yon plan medikaman, amwenske w di Medicare ou pa vle anrejistre w ladann.

Sèl lè pou w refize pran asirans ki kouvri medikaman sou preskripsyon se si w deja genyen l atravè asirans yon anplwayè, yon sendika oswa yon lòt sous ap ba ou. Si w gen kesyon asavwa si w bezwen asirans medikaman, rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501.

**Men sa pou fè:**

Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon, rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501.

Yap retire w otomatikman nan Elderplan FIDA Total Care lè Original Medicare w la kòmanse kouvri w.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



### ***Men kijan w pral jwenn sèvis Medicaid yo***

Ou pral gen opòtinite pou chanje pou w pran yon plan Medicaid Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm Medicaid) ki bay sèvis ak sipò alontèm epi pou pran sèvis swen fizik ak swen sante nan domèn konpòtman Medicaid atravè Medicaid Fee-for-Service (Frè pou Sèvis Medicaid).

- **Note:** Ou ka chwazi pou sispann pran sèvis ak sipò alontèm konplètman. Sepandan, sa ka pran yon ti tan anplis pou yo konplete pwosedi pou sispann sèvis ak sipò yo. Pandan tan sa a, yo pral anrejistre w nan plan Medicaid Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm Medicaid) ke menm konpayi kap jere Elderplan FIDA Total Care la, pral jere. Demann pou chanjman ke w te fè pou asirans Medicare ou pap gen okenn reta epi lap anvigè nan premye jou nan mwa apre w fin mande pou yo fè chanjman an.

Si w tap resevwa sèvis atravè Egzanpsyon 1915 (c) ki ba w opsyon pou resevwa swen kominotè olye pou pran swen nan yon Etablisman ki bay Swen Enfimye (Nursing Home Transition & Diversion 1915(c) ) anvan w te anrejistre nan yon Plan FIDA, ou pral gen opòtinite pou reyaplike pou egzanpsyon an. Ou pral kontinye resevwa nenpòt sèvis ki ba w opsyon pou resevwa swen kominotè olye pou resevwa swen nan yon Etablisman ki bay Swen Enfimye (Nursing Home Transition & Diversion, NHTD) ki egziste nan Elderplan FIDA Total Care oswa anrejistre w nan yon plan Medicaid Managed Long-Term Care pou w resevwa sèvis Medicaid ou yo jiskaske aplikasyon w pou NHTD w la apwouve. New York Medicaid Choice ka ede w ak aplikasyon NHTD w la.

---

## **F. Kijan pou jwenn èd**

### **Kijan pou jwenn èd nan men Elderplan FIDA Total Care**

Èske w gen kesyon? Nou la pou nou ede w. Tanpri rele Sèvis Patisipan an nan 1-855-462-3167 (TTY sèlman, rele nan 7-1-1).

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



Nou la pou nou resevwa apèl telefòn de 8 a.m. jiska 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl nan nimewo telefòn sa yo gratis.

### **Li Manyèl pou Patisipan 2017 ou an**

*Manyèl pou Patisipan 2017* la se deskripsyon legal ak detaye sou benefis ki nan plan w lan. Li gen detay sou benefis pou ane pwochè. Li esplike dwa w genyen ak règ pou suiv pou w jwenn sèvis ak medikaman sou preskripsyon ki kouvri.

Toujou gen yon kopi ajou *Manyèl pou Patisipan 2017* la sou sitwèb nou an nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org). Ou ka rele Sèvis Patisipan an tou nan 1-855-462-3167 pou mande nou pou nou poste yon *Manyèl pou Patisipan 2017* pou ou.

### **Ale sou sitwèb nou an**

Epitou w ka ale sou sitwèb nou an nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org). Nap fè w sonje ke sitwèb nou an gen dènye enfòmasyon resan sou rezo famasi ak pwofesyonèl swen sante nou (*Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi*) ak Lis Medikaman nou an (*Lis Medikaman ki Kouvri yo*).

### **Kijan pou jwenn èd nan men ajan ki responsab anrejistremman nan eta a**

New York Medicaid Choice se pwogram anrejistremman swen kontwole pou Leta Nouyòk. Konseye New York Medicaid Choice ka enfòme w sou tout opsyon w genyen pou swen kontwole. Ou ka rele New York Medicaid Choice nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi de 8:30 am a 8:00 pm e samdi de 10:00 am a 6:00 pm. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-888-329-1541.

### **Kijan pou jwenn èd nan men Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a**

Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (ICAN) ka ede w si w gen yon pwoblèm avèk Elderplan FIDA Total Care. ICAN pa gen okenn rapò avèk nou ni avèk okenn konpayi asirans oswa plan

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).





sante. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apres sa suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.) Sèvis yo gratis.

### **Kijan pou jwenn èd nan men Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta a (State Health Insurance Assistance Program)**

Epitou, ou ka rele Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP). Nan Leta Nouyòk, yo rele SHIP la Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak sou Asistans (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program, HIICAP) Konseye HIICAP yo ka ede w konprann chwa ou genyen nan Plan FIDA e yo ka reponn kesyon ki gen rapò avèk chanje plan yo. ICAN pa gen okenn rapò avèk nou ni avèk okenn konpayi asirans oswa plan sante. Nimewo telefòn HIICAP se 1-800-701-0501.

### **Kijan pou jwenn èd nan men Medicare**

Pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan men Medicare:

Rele nan 1800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Ou ka rele nan 1800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

### **Ale sou sitwèb Medicare la**

Ou ka ale sou sitwèb Medicare la (<http://www.medicare.gov>). Si w chwazi pou anile anrejistremant nan Plan FIDA w la e pou anrejistre nan yon plan Medicare Advantage, sitwèb Medicare la gen enfòmasyon sou konbyen kòb sa koute, sou pwoteksyon asirans, ak sou evalyasyon sou kalite, pou ede w konpare plan Medicare Advantage yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou plan Medicare Advantage ki disponib nan zòn ou an lè w itilize Lokalizatè Plan Medicare (Medicare Plan Finder) a ki sou sitwèb

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



Medicare la. (Pou ka gade enfòmasyon sou plan yo, ale nan <http://www.medicare.gov> epi klike sou “Chèche plan sante & medikaman [Find health & drug plans].”)

### ***Li Tiliv Medicare avèk Oumenm 2017 (Medicare & You 2017)***

Ou ka li Tiliv Medicare avèk Oumenm 2017 la. Chak ane, nan sezon lotòn, yo poste tiliv sa a bay moun ki gen Medicare. Li gen yon rezime sou benefis Medicare, sou dwa ak pwoteksyon, e li gen repons pou kesyon moun poze souvan sou Medicare. Si w pa gen yon kopi tiliv sa a, ou ka jwenn youn nan sitwèb Medicare la (<http://www.medicare.gov>) oswa lè w rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

### **Kijan pou jwenn èd nan men Medicaid**

Pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan men Medicaid, rele Liy Asistans Medicaid la nan 1-800-541-2831 (TTY: 1-877-898-5849). Liy Asistans Medicaid la disponib de lendi a vandredi, de 8:00 am a 8:00 pm ak le samdi de 9:00 am a 1:00 pm.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## Elderplan, Inc.

### Avi Kont Diskriminasyon - Diskriminasyon Kont Lalwa

Elderplan/HomeFirst konfòme ak tout lwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa diskrimine sou baz ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. Elderplan, Inc. pa ekate okenn moun ni li pa trete yo defason diferan poutèt ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks yo. Elderplan/HomeFirst:

- Li bay moun ki andikape èd ak sèvis gratis pou yo kominike defason efikas avèk nou, tèlke:
  - Entèprèt nan lang siy ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik ki aksesib, lòt fòm)
- Li bay sèvis lang gratis pou moun ki pa pale angle, tèlke:
  - Entèprèt kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Kowòdinatè Dwa Sivil la. Si w panse Elderplan/HomeFirst pa reyisi ba w sèvis sa yo oswa li diskrimine nan yon lòt sans dapre ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks ou, ou ka soumèt yon plent bay:

Civil Rights Coordinator  
6323 7<sup>th</sup> Avenue  
Brooklyn, NY, 11220  
Telefòn: 1-877-326-9978; TTY 711  
Faks: 1-718-759-3643

Ou ka soumèt yon plent an pèsòn oswa pa lapòs, pa telefòn oswa pa faks. Si w bezwen yo ede w ranpli yon plent, Kowòdinatè Dwa Sivil la disponib pou ede w.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



Epitou ou ka soumèt yon plent dwa sivil bay U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights, elektwonikman atravè Pòtay Biwo Dwa Sivil la pou Plent, li disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa pa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

---

**Si w gen kesyon**, tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon**, ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



## Enfòmasyon nan plizyè lang

**ATTENTION:** If you speak a non-English language or require assistance in ASL, language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Panyòl) **ATENCIÓN:** si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Chinwa) **注意:** 如果您使用繁體中文, 您可以免費獲得語言援助服務。請致電1-855-462-3167 (TTY: 711)。

(Ris) **ВНИМАНИЕ:** Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-855-462-3167 (телетайп: 711).

(Kreyòl Ayisyen) **ATANSYON:** Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-855-462-3167 (Moun ki itilize sistèm TTY: 711).

(Koreyen) **주의:** 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-855-462-3167 (TTY: 711)번으로 전화해 주십시오.

(Italyen) **ATTENZIONE:** In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Yidish) **אויפמערקזאם:** אויב איר רעדט אידיש, זענען פארהאן פאר אייך שפראך היילף סערוויסעס פריי פון אפצאל. רופט 1-855-462-3167 (TTY: 711)

(Bengali) **লক্ষ্য করুনঃ** যদি আপনি বাংলা, কথা বলতে পারেন, তাহলে নিঃখরচায় ভাষা সহায়তা পরিষেবা উপলব্ধ আছে। ফোন করুন 1-855-462-3167 (TTY: 711)।

---

**Si w gen kesyon,** tanpri rele Elderplan FIDA Total Care nan 1-855-462-3167 ak TTY 711, de 8 a.m. a 8 p.m., 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Pou plis enfòmasyon,** ale sou sit Entènèt la nan [www.elderplanfida.org](http://www.elderplanfida.org).



(Polonè) UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Arab) ملحوظة: إذا كنت تتحدث لغة غير الإنجليزية أو تحتاج إلى مساعدة في ASL، فإن خدمات المساعدة اللغوية تتوافر لك مجاناً. اتصل برقم (TTY: 711) 1-855-462-3167.

(Franse) ATTENTION: Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-855-462-3167 (ATS: 711).

(Oudou) خبردار: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کو زبان کی مدد کی خدمات مفت میں دستیاب ہیں۔ کال کریں (TTY: 711) 1-855-462-3167.

(Tagalòg) PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Grèk) ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε ελληνικά, στη διάθεσή σας βρίσκονται υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης, οι οποίες παρέχονται δωρεάν. Καλέστε 1-855-462-3167 (TTY: 711).

(Albanè) KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-855-462-3167 (TTY: 711).